

TATA PANGIBADAH MINGGU TRINITAS - GKJ AMBARRUKMA

15 JUNI 2025

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB

(Warni Liturgis: Putih, Stola/Logo/Simbol : Triquetra)

Pra-Ibadah : (*Prosesi arak-arakan 2 (kalih) gunungan saking ngajeng warung burjo Andeska Demangan Baru tumuju Jalan Petung sisihipun Toko Ratna, lajeng prosekan Indomaret Papringan Gunungan ingkang setunggal dipun rayah warga sak kiwa tengen, lajeng Gunungan satunggalipun lumebet ing kompleks GKJ Ambarrukma*)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. **Liturgos** :

*Sakderengipun pangibadah kawiwitan,
Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.*

Uluk Salam Pradataning Pasamuwan:

Liturgos : “Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu, Gangsal Welas Juni Kalih Ewu Selangkung (Selawe)** (15 Juni 2025).

Sumangga kita sami atur uluk salam namaste utawi kanthi jawat asta kagem pasamuwan ing sakiwa tengen, ngajeng, saha wingking panjenengan. Berkah kabingahan, karaharjan, saha tentrem rahayu tansah nyarengi kita sami.

Kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun unduh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi dening Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan **“Gusti Allah Tritunggal Tuking Kayekten”** badhe kaladosaken dening Ibu Pandhita Nugraheni Siwi Rumanti.

Sumangga kita puji asmanipun Gusti kanthi repening kidung pambuka **“Kula Sami Anyawiji”** (*Ladrang Jatikumara Pelog Pathet Nem, pada Satunggal lan Kalih*) ...*kairing dening Karawitan Kalvari Adi... pasamuwan kasuwun jumeneng*

- | | | | |
|-----|--|-----|--|
| (1) | Dhuu Gusti kang Maha Agung
Kula sowan amiwiti
Ing padaleman pamujan
Sesarengan amemiji
Ngluhurken Asma paduka
Kang paring gesang sayekti. | (2) | Sapunika wancinipun
Kula sami anyawiji
Ing padaleman pamujan
Pamedhar sabdaning Gusti
Sawega amedhar Sabda
Mring pra umat kang nyawiji. |
|-----|--|-----|--|

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar)

3. **Liturgos** : “Pasamuwan ingkang kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus, sakedhap malih Pareden Pisungsung Undhuh-undhuh badhe kaarak lumebet dhateng dalem pamujan. Ingkang menika dhumateng panjenenganipun Bapak/Ibu ingkang kajibah ngayahi minangka **Imam** kaaturan samekta ing gati siyaga ing dhiri jumeneng wonten ing sak ngajenging wiwara dalem pamujan saprelu hanampi palapuran lung-tinampining Pareden Pisungsung Undhuh-undhuh saking **Pangarsa Bregada Pareden**. Dene pasamuwan kaaturan sami jumeneng. Sumangga. Nuwun.”

Serah-Terima Gunungan :

(Imam berdiri di depan pintu masuk gereja menyambut panitia (komandan bregada) yang meminta izin untuk membawa gunungan memasuki gereja. Setelah Imam mengizinkan, prosesi arak-arakan gunungan memasuki gereja dengan urutan sebagai berikut:

Imam ← Gunungan ← Anak-anak Sekolah Minggu

Prosesi arak-arakan Gunungan memasuki Gereja diringi karawitan Kalvari Adi dengan **Gending “Lampah Tayungan”** Setelah gunungan ditempatkan di samping altar, petugas pengusung gunungan undur-diri keluar gedung gereja, sedangkan Anak-anak Sekolah Minggu tetap berada berdiri di depan altar untuk menerima berkat dari Pendeta.)

- #### **4. Votum tuwin Salam Karaharjan:** *(Pasamuwan Jumeneng)*

Pandhita : (*iringan gremengan gender*)

3 3 3 3 3 3 3 3 123
 Pi - tu - lung- an ki - ta pu - ni - ka,
 2 3 5 56 5.65.3 ‘ 23 5 5 5 5 5 5
 Pi - nang-ka - ni - pun sa - king sa-wab ber- kah-ing
56 5 65 3.2121 ‘ 61 1 1 1 1 1 1 1 2 3
 Al - lah Ra - ma, ing-kang ni-tah- a- ken la - ngit lan
56 6 ‘ 3 21 1 1 2 356 6 6 6 bu - mi, sih rah - mat lan ten - trem rah - ha - yu
 3 5 6 6 ‘ 3 5 6 6 3 2 2 2
 sa - king Al - lah Ra - ma ki - ta tu - win Gus - ti
 2 2 3 1 121 6.5 .
 ki - ta Ye - sus Kris - tus
 6 1 2 2 2 2 2 2 2 3 1 21 6.5
 mu - gi won- ten - na ing pan - je - neng- an sa - da - ya

Pandhita + Pasamuwan:

. . 3 2	. . <u>2 3</u> 1	. <u>1 2</u> <u>1 6</u> <u>5</u>
A - min	A - min	A - min.

5. Pandhita : Paladosan Berkah tumrap para Lare Sekolah Minggu

(Liturgos: *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

6. Sabda Introitus

Lektor : Introitus kapethik saking **Yesaya 32: 17**

Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”

Demung : 6 1 2 3 6 1 2 3 6 5 3 2

Sedaya : Pu - ji so - kur konjuk Gus - ti.

7. Liturgos : “ Pasamuwan kagunganipun Gusti Yesus, sabdanipun Gusti ngengetaken bilih ing kayekten badhe wonten katentreman, mangka wahananipun kayekten menika karahayon ing salami-laminipun.

Sumangga sesarengan kita repenaken pepujen sukarena **”Binuka”** (*Lancaran Pelog Pathet Nem, pada Satunggal lan Kalih*)

- (1) Suka gembira ingkang wus pinanggya
Manah kula satuhu binuka
Wonten ngarseng Allah ingkang Maha Tresna
Dadya tentrem mring wong kang pracaya.

- (2) Kula pasrahken mring Gusti Ma' Kwasa
Tansah nyuwun berkah lan pangreksa
Amrih gesang kula lestari tumata
Sembada anggen kula ngawula.

8. Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Wulang Bebasan 15: 9

9. Pacawisan Pamratobat

Imam : ” Pasamuwan ingkang dipun tresnasi Gusti, sumangga kita tansah mbudidaya dados tiyang wicaksana ingkang saget nyebar kawruh.

Sesarengan kita badhe nyawisaken manah, murwakani pandonga pamratobat kita, kanthi memuji kidung **“Aku Wong Kang Dosa”** (*Ketawang Laras Pelog Pathet Nem, pada Satunggal lan Kalih*)

- (1) Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,
temahan den sucekna, srana rahe kang suci.
Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.
Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur.
- (2) Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka
ingkang saged ngluwari kawula saking dosa.
Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.
Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur.

10. Pandonga Pamratobat

Imam : “Pasamuwan ingkang sampun dipun tunggil ing padalemanipun Gusti, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Sagung puji saha panuwun sokur konjuk dumateng Paduka, awit saking kamirahan Paduka, Paduka mboten negakaken kawula tiyang dosa menika. Paduka tansah nyarengi ing sak puruk-puruk kawula. Kanthi manah ingkang cuwa, kawula atur panelangsa awit sedaya dosa kawula. Gusti, Paduka melasi kawula lan Paduka ingkang nucekaken saking sakathahing dosa duraka kawula.

Nyuwun panganthi pepadhang saking Sang Roh Suci dados panunthun lan dilah ing sak uruting lampah gesang kawula. Linambaran pangurbananipun Gusti Yesus Kristus Juru Wilujeng, kawula ndedonga. Amin.”

11. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Rum 5: 1

Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Wulang Bebasan 21: 21

12. Kidung Kasanggeman

Liturgos : “Pasamuan kagunganipun Gusti, tiyang ingkang tansah ngupadi kaleresan lan welas asih badhe pikantuk kayekten saha kaurmatan. Pramila kita saget ngaturaken wangulan kanthi sesarengan ngrepekaken kidung **“Roh Suci Tumedhaka”** (*Lancaran Pelog Pathet Nem, pada Satunggal lan Kalih*) *pasamuwan kula aturi jumeneng*

- (1) Roh Suci tumedhak dedalem jroning kalbuku
Cahya Paduka ingkang madhangi margining wang
Dahana Suci kang nggugah jiwa
Temah gesang kula ngluhurken asma Paduka.
- (2) Pindha bagaskara kang nyunari jagad raya
Kwasa Paduka nggigah jiwa kang lungkrah lesu
Tumraha sagung berkah mring kula
Dadosna gesang kula sumarah mring Paduka.

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

13. Wedharing Sabdanipun Gusti

(Pasamuwan Lenggah)

- a) **Pandhita : Pandonga Epiklese**
- b) **Pandhita : maosaken Yokanan 16: 12-15**
- c) **Pandhita : (iringan gremengan gender)**

2 3 3 3 3 3 3 ‘
 Ra – ha – yu sa - ben ti - yang
 3 2 2 2 2 2 2 2 2 2 2 23 2 ‘
 ingkang mi – renga - ken Sab – da - ni - pun Gus - ti
 2 ? ? ? ? ? ? ? ? ? ? ‘
 lan nindak – a - ken kar – sa – ni - pun Gusti
 ? 2 3 3 3 23 2 ‘
 ing gesang pa – din – ten - an.
 ? 6 76 5
 Ha-le - lu - ya.

Pasamuwan	: . . 2 3 2 7 2 3	. . 2 3 2 7 2 3
	Hale-luya Amin	Hale-luya Amin
	. . 2 3 5 6 7 6	. . 5 7 6 5 6 5
	Hale-luya Amin	Hale-luya Amin

- d) Pandhita : Paladosan Khotbah
- e) Irah-irahan: “Gusti Allah Tritunggal Tuking Kayekten”
- f) Ancas : Pasamuan dipun ajak supados nglajengaken gesang wontening pamengkunipun Allah Tritunggal, miturut sabda saha pununtuning Roh Suci.
- g) Wekdal Ening.

14. Pisungsung

Imam : “Pasamuwan ingkang dipun kanthi Gusti, berkahipun Gusti tansah linuber kababar ing gesang kita sami. Pramila, kita badhe caos pisungsung minangka cihnaning raos sokur kita kagem Gusti.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal kagem pasamuwan, kanthong kalih kagem kesaksian pelayanan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya émeritus. Pisungsung mirunggan saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken. Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung kapethik saking kitab **Pangandharing Toret bab Enembelas ayat Sanga lan Sadasa (Panganharing Toret 16: 9-10)** ingkang mekaten suraosipun:

“Kowe ngetunga pitung minggu; anggonmu ngetung pitung minggu iku wiwitana nalika anyak ngeriti gandum kang durung dieneni. Nuli kowe ngriyayakna dina gedhe Riyaya Pungkasaning Pitung Minggu kagem Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, kalawan nyaosake pisungsung manasuka, miturut anggonmu kaberkahan dening Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu.”

Kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen “**Caos Pisungsung**” (*Lancaran Pelog Pathet Nem, sakcekapipun*)

- (1) Caosa pisungsung miring Hyang Ma Agung,
Krana gunging sih rahmat datan kendhat.
Bandha arta lan pethingan,
Gesang tansah binerkanan.
- (2) Tangan suku kula tansah makarya,
Mrih sesami nampi berkahing Gusti.
Nampeni berkahing Gusti.,.
Ngantos dumugeng wekasan.
- (3) Bandha kasugihan wah kesagedan,
Gesang sawetahnya pisungsung nyata.
Pisungsung nyata dadosa,
Mrih kamulyaning Pangeran.

(Sak sampunipun kempaling pisungsung kantong kaedaraken, Pradataning Pasamuwan lajeng ngasta kantong pisungsung majeng dhateng mimbar badhe ngunjukaken pandonga sokur lan persiapan lelang undhuh-undhuh)

(Liturgos : Pasamuwan kaaturan jumeneng....)

15. Pandhita : Pandonga Sokur lan Persiapan Lelang Undhuh-undhuh

(Pasamuwan jumeneng)

16. Lelang Pisungsung Undhuh-undhuh

Liturgos : “Sumangga saklajengipun ngaturaken wekdal sahaadicara dumateng Juru Lelang kagem mimpin lelangan undhuh-undhuh. Pasamuwan kaaturan lengkah.”

17. Pisungsung Pujian dening Paduan Suara Tamariska : “Kupersembahkan Cinta”

18. Pandhita : Pandonga Syafaat

19. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula suwun jumeneng

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-ating, Gusti kawula.
- Ingkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapuntening dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

20. Pandhita : Paladosan Berkah

21. Liturgos : “Pradatuning Pasamuwan ngaturaken panuwun awit peladosanipun Ibu Pandhita Nugraheni Siwi Rumanti lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah Minggu punika, ugi pasamuwan ingkang rawuh lan nderek ing pangibadah.

Ing pungkasaning pangibadah menika, pasamuwan kaaturan pinarak sami mundhut ing bazaar lelang menapa dene saget lumebet ing papan griya bujono ingkang sampun cumawis.

Pasamuan ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga kita sami dados titah ingkang tansah pitados bilih Allah Tritunggal Sumber Keyekten. Sesarengan kita pungkasi pangibadah punika kanthi repening kidung **“Purnaning Pangabekti” (Lancaran Pelog Pathet Nem, pada Satunggal lan Kalih)**

- | | |
|---|---|
| <p>(1) Pinujia nggih Allah Sang Rama
Wah Sang Putra lan Roh Suci.
Purna pangabekti aneng greja,
Ngrasuk gesang saben ari.</p> | <p><u>Refr:</u>
Payo nindakna kang trusing ati,
Sabdaning Gusti Sung gesang yekti.
Sinartan dening berkahing Gusti,
Sung sih rahmat mring sesami.</p> |
| <p>(2) Pangabekti sestu pangibadah, lamun Gusti kang den sembah.
kraharjaning pepadha den udi, jagad ramya tentrem yekti.....<u>Refr:</u></p> | |

22. Liturgos : “Mekaten lampahing pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu, sugeng kondur, Gusti tansah paring berkah.”